



MBINDI MI CA BIBLIYOTEKU PARI

Lëngook bibiliyoteki gox goxaat yi dafa dajale biibliyotek yuy able teere ak bibilitek yu aju ci yenn fànn nu ubbi leen ñeel ñépp. Man ngeen a bindu ci bibiliyotek yiy able akit ci bibiliyotek yi aju ci yenn fàann yi su ngeen feccalee kayit gii, ngir ngeen man a am kart jëfandiku bi walla bale walla bu ñom.

Seriñ. Soxna Sant wi : (araf yu mag) _____

Tur wi: _____

Kaŋ nga judd: _____ / _____ / _____

Loo doon: goor. jigeen.

Tegtal fa nga dëkk: _____

Mandargay gox bi ca Post ba: _____ sa Dëkk: _____

Sa meel: _____ @ _____

Telefonu kër: _____ Telefon portaabal: _____

Sa Liggéey: _____

Su dee ku da nga teewal keneen:

Sant ak turu ki teewal: _____

- Maa ngi waat ne adarees bii bu wër la.
- Maa ngi béral ne xamal nañu ma yoon yiy doxal bibiliyoteku Pari yi te jox nanu ma ci ab sotti.
- Maa ngi sàkku ñu may yégal bépp bu xibaar gu aju ci samay mbir jaarale ko ci meel ak a xibaar yu aju ci dunduk bibiliyotek bi (leetar yégle) waaw: deedeet
- Bëgg naa àbb:
 - Téer yun dul fay dara (téere, téere yu nuy dëglu, ay rëwi, ay xëti way, ay ñanginu làkk...)
 - Ay seedeeyu mag di déglu. Pay gi ci at mi yépp 30,50€
 - Ay film (DVD) ak ay CD yu soxal mag. Pay gi ci at mi tollu ci 61€

Lu aju ci xale yi:

Xibaar yi ci gannaaw

Xët wii di ñew ki yoor baat ci xale bi moo koy feccali.

Man ci ni ma ko wéralee ci suuf _____ di àaddu ngir doon _____ ci xale bi, maa ngi béral ne nàngu naa ñu bind xale bi ci àbb ay téere ak yu ni mel yi nu tànn ci li weesu ci kaw.

Lu aju ci am jagleb way laago : Lors de ma première inscription, je fournis un justificatif me permettant d'emprunter dans les Pôles Sourds et Lire autrement et sans forfait des documents adaptés, des CD et des DVD.

Je désire m'inscrire dans les bibliothèques spécialisées (inscriptions uniquement dans les bibliothèques spécialisées) **Dat bi :** / / _____ **Siifo bi:**

Ab mul gennuk pay ci wax tu wi nuy bindui.

Dees na la yonnee ag kayitu xibaar aju ci li ngay fay gi tukkee ci kërri kopparu nguur gi .

Lii ndaw liy yor bibiliyotek bi

Turu Bibiliyotek biy bind :

N° bindu:

N° SOI (ndaw li fi toogal dëkku Pari):

Geneen fànnu wàññi: _____

Kër gi toppatoo aada yi
Biro bi yor bibiliyoteku njàngum téere

Luy aju ci wayjur yi ak kilëfay xale yi:

Bérébu jàng ngir bannex walla ngir def ab liggéy bibiliyotek bi ubbi nanu ko ñeel ñépp, dana dalal ay xale ak ay waxambaaneyu àndulak kenn walla yu àndak ku leen gunge. Xale yi ñoragul danuy leen teg ci suufu kilifteefu seeni waajur:

Nu santaane bu baax nu bayyi xel ci di gunge xale yu ndaw yi, ndax génn bi ak duggi bi ci biir bibiliyotek bi kenn du koy saytu.

Bibliyotek yi, seen yoon nekkul ci tànnum téere mi xale yi di def.

Ci yoon wi nu tëral, yenn ci widewo yi deesuleen abal xale yi amul 12 at, walla 16 at walla gën gaa tuuti 18 at.

Ñi seeni at matagul 7 at dunu man àbb lu dul téerey “ndaw)

Ci diggante 7 ak 12 at, ndaw yi matagul man naño jot ci téerey mag ñi su leen ko seeni waajur maye. Lu dale ci 12, ndaw yi matagul man naño yegg ci téerey mag ñi, su leen ko seeni waajur terewul ci lu nu bind ciw kayit.

Xibaar yu maasale

Dug ci bibiliyotek ak ci mejatek yi ci Pari, may nanu ko ñépp.

Ab gi ak yër téere yi manees nau ko gannaaw bu nu bindoo ak ba nu jotee kart jagle wi.

Ca mbindu mi way jëfandiku bi dafa wara teew te wéral mooy kan.

Su dee nit ki manuta teew, man naa jox baatam ku ko soop ku mama wéral jëmme ki ko yonni ak j' mmi boppam. Ku joxe tegtal yu dul dëgg yoon topp na la ni ko artikal 433- 19,441-7,313-1et313-3 ci kod penaal bi waxe.

Xob wu bulo wi mooy may ku ne nga man a àbb ay téere ci bibiliyotek yi ak mejateku gox yiy àble.

Ci biir bibiliyotek yi aju ci yenn fànn yi (kart wu mbox), danoo jagleel palaas yi ñi bindu te bëgg xool éere yi ci bibiliyotek bi.

Ki moom kart bi mooy saytu ni nu koy jëfandinkoo, boole ci bu réeree ak bu nu sàcce. Ci entereb way jëfandinku ji su réer walla sàcc amee war na koo yëgal ci saasi bibiliyotek bi.

Way jëfandinku yu téere yi nu leen abal ci seen kilifteef la nekk. War na leen nu wone béppub yàqu-yàqu gu nu seetlu ci gu nu seetlu bi nu koy àbb.

Waru leen ñu ciy amal benn defaraat.

Béppub téere bu réer walla bu dellusi ci anam yuy gàallankoor nu man koo ablewaat (nu rëdd rëdduk suuf, walla gu kaw, nu tàqal ko, xotti ko, tooyal ko...) dees ko wara fay ci njëguk gi muy jar ci ñépp ci waxtu wiy nu koy delloosi. Su dee téere bi amatul ci marse bi dangay delloo si ag njëg li nu la laaj. Boo faye ab téere dees na la jëgal dan gi ci yeexa delloosi bi.

Ñi matal dees na taf seeni tur ci biir bibiliyotek bi ndaw yiy tëye bibiliyotek yi man nañu leen xamal lu bëgg a xal leneen.

Diirub able bi

- 21fan, diir bu nu mana a yeosal ñari yoon jaare ko ci enternet ci sa kompt jëfandinkukaay [balaa diirub able gi di jeex](#) .
- Bu tarde amee ay dan am na ci: 0,15€ téere bu ne ci bis bu bu tarde, 0,07€ Ñeel tuut ànk yi.
Daan yi bor lay sappaliku bu matee 15€.